



## ENSTRIKSYON PWOVIZWA POU SÈVIS BYEN IMOBILYE PANDAN IJANS SANTE PIBLIK COVID-19 LA

### Lè ou fin li dokiman sa a, ou ka afime nan pati ki anba a.

Nan dat 15 jen 2020

#### Objektif

Yo te kreye Enstriksyon Pwovizwa pou Sèvis Byen Imobilye sa pandan Eta Ijans Sante Piblik pou COVID-19 la ("Enstriksyon Pwovizwa pou Sèvis Byen Imobilye") pou ka bay pwopriyetè/operatè biznis nan sektè byen imobilye ak anplwaye yo, vandè/koutye ak kontraktè yo prekosyon pou ede pwoteje tèt yo kont pwopagasyon COVID-19 pandan biznis byen imobilye yo kontinye fonksyone oswa re-ouvri.

Enstriksyon sa aplike pou antite jesyon pwopriyete rezidansyèl yo, vandè/koutye byen imobilye, enspektè bilding, evalyatè bilding ak aktivite ki gen rapò yo. Enstriksyon sa bay direktiv anplis de sa ki te deja pibliye dapre Dekrè Egzekitif 202.6 pou sèvis byen imobilye yo. Enstriksyon sa pa konsène antite ki okipe espas biwo; pou plis enfòmasyon, gade "Enstriksyon Pwovizwa pandan COVID-19 pou Travay nan Biwo". Enstriksyon sa pa konsène tou jesyon pwopriyete ki pa rezidansyèl/komèsyal; pou plis enfòmasyon, gade "Enstriksyon Pwovizwa pandan COVID-19 pou Jesyon Bilding Komèsyal". Sepandan, si yon antite nan jesyon pwopriyete rezidansyèl responsab tou pou jesyon pwopriyete ki pa rezidansyèl/komèsyal nan menm bilding lan, epi si lokatè rezidansyèl oswa lokatè komèsyal yo pa ta antre, paking oswa lòt espas komen, jesyon pwopriyete a dwe revize epi afime enstriksyon an tou pou sektè jesyon bilding komèsyal.

#### Enfòmasyon Jeneral

Konsiy sa yo se jis egzijans minimòm e nenpòt Pati Responsab lib pou bay prekosyon anplis oswa ajoute restriksyon. Konsiy sa yo baze sou pratik sante piblik ki plis popilè yo nan moman Faz II re-ouvèti Eta a, epi dokiman konsiy sa yo baze sou li a ka chanje epi li chanje souvan. Pati Responsab yo – jan sa defini anba a – responsab pou respekte tout egzijans lokal, etatik ak federal yo ki gen rapò ak aktivite byen imobilye. Pati Responsab yo responsab tou pou rete okouran de tout mizajou ki fèt nan egzijans sa yo, epi mete yo nan nenpòt aktivite byen imobilye ak/oswa Plan Sekirite Sit.

Nan dat 7 mas 2020, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202, ki deklare yon eta ijans an repons a COVID-19. Transmisyon kominotè COVID-19 deja rive toupatou nan New York. Pou kapab minimize plis pwopagasyon, nou dwe kenbe yon distans sosyal pou pi piti 6 pye ant moun yo, kote sa posib.

Nan dat 20 mas 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.6, ki òdone pou tout biznis ki pa esansyèl yo fèmen fonksyon pèsònèl yo nan biwo a. Biznis ki esansyèl yo, jan yo defini pa enstriksyon Kòporasyon Devlopman Empire State (Empire State Development Corporation, ESD) yo, pa te sijè a limitasyon an pèsòn, men yo te, sepandan, jwenn lòd pou yo konfòme yo anba enstriksyon ak direktiv ki soti nan Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la ki mande pou yo kenbe yon anviwònman travay ki pwòp epi sekirize, epi yo te mande yo kenbe mezi distans sosyal yo nan mezi ki posib. Espesyalman, pou sèvis byen imobilye yo, ke Empire State Development te pibliye ki deklare:

Nan dat 12 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.16](#), ki òdone biznis esansyèl yo bay anplwaye, ki prezan nan espas travay yo, yon kouvèti vizaj, san peye, ki dwe itilize lè yo an kontak dirèk ak kliyan oswa manm ki nan piblik la pandan y ap travay. Nan dat 15 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.17](#), ki òdone ke nenpòt moun ki gen pase dezan e ki kapab tolere yon kouvèti vizaj dwe kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa yon twal lè yo nan yon espas piblik epi yo pa ka kenbe, oswa lè yo p ap kenbe, distans sosyal. Nan dat ki 16 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.18](#), ki òdone ke tout moun k ap itilize transpò piblik oswa prive oswa lòt veyikil lokasyon, ki gen plis pase dezan e ki ka tolere yon kouvèti vizaj, dwe mete mask oswa kouvèti vizaj ki kouvri depase nen an ak bouch la pandan vwayaj sa a. Li òdone tou nenpòt operatè oswa chofè transpò piblik oswa prive pou mete yon kouvèti vizaj oubyen mask ki kouvri nen an ak bouch la pandan gen nenpòt pasajè nan veyikil sa a. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.34](#), ki otorize dirijan / pwopriyetè biznis ki gen otorite yo pou refize aksè pou moun ki pa respekte egzijans kouvèti vizaj oswa mask la.

Nan dat 26 avril 2020, Gouvènè Cuomo te anonse yon apwòch an plizyè faz pou ka retounen ouvri endistri ak biznis yo nan New York an faz ki baze sou yon analiz rejyonal ki baze sou done yo. Nan dat 4 me 2020, Gouvènè a te pèmèt pou analiz rejyonal la konsidere plizyè faktè sante piblik, ki enkli nouvo ka enfeksyon COVID-19 yo, ansanm ak sistèm swen sante a, tès dyagnostik yo, ak kapasite pou retrase kontak yo. Nan dat 11 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke premye faz re-ouvèti an t ap kòmanse nan dat 15 me 2020 nan plizyè rejyon New York, baze sou mezi ak endikatè rejyonal ki disponib yo. Gen kèk aktivite byen imobilye anplis ki otorize fèt nan yon rejyon New York sèlman lè rejyon an te atenn Faz II plan re-ouvèti li a. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke dezyèm faz re-ouvèti a pral kòmanse nan divès rejyon nan eta a, epi li te anonse itilizasyon yon nouvo tablo avètisman antisipe ki ap rasanble efò kòlèk enfòmasyon entansif eta a pou moun New York yo, otorite gouvènman yo, ak ekspè yo pou siveye epi revize jan yo ap jere viris la pou asire yon re-ouvèti an sekirite.

Mete sou nòm sa yo, ni biznis esansyèl ak biznis ki pa esansyèl dwe kontinye konfòme ak konsèy epi prensip sa yo pou kenbe anviwònman travay yo pwòp e sekirize ke DOH te pibliye.

Tanpri note sa byen, kote konsèy ki nan dokiman sa a diferan de lòt konsèy dokiman Eta New York te pibliye yo, sa ki plis resan an dwe aplike.

### **Nòm pou Aktivite Byen Imobilye Responsab nan Eta New York**

Pa gen okenn aktivite byen imobilye ki ka fèt san yo pa ranpli nòm minimòm Eta yo, ansanm ak kondisyon federal ki aplikab yo, ki enkli men ki pa sèlman nòm minimòm ki nan Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act, ADA), Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), Ajans Pwoteksyon Anviwònman la (Environmental Protection Agency, EPA), ak Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) nan Depatman Travay Ameriken an (United States Department of Labor).

Nòm Eta a ki gen nan konsèy sa a aplike pou tout aktivite byen imobilye – tou de esansyèl ak sa ki pa esansyèl – ki an mach pandan ijans sante piblik COVID-19 la jiskaske yo anile oswa modifiye pa Eta a. Pwopriyetè biznis byen imobilye, oswa yon lòt pati ke mèl pwopriyetè a deziyen (nan tou de ka yo, "Pati Responsab yo"), pral responsab pou respekte nòm sa yo.

Sonje ke, sof kote yo mansyone sa lòt jan, nenpòt referans ki fèt bay "anplwaye yo" oswa "anplwaye" dwe aplike tou pou ajan, koutye, vandè, sou-kontraktè ak founisè yo.

Konsèy sa a òganize sou twa kategori diferan: moun, espas, ak pwosesis.

# I. Moun

## A. Distans Fizik

- Pati Responsab yo dwe asire ke pou nenpòt travay k ap fèt pa anndan (egz. antretyen HVAC [chofaj, vantilasyon ak klimatizasyon] oswa netwayaj zòn komen yo), prezans mendèv ak kliyan yo limite ak 50% okipasyon maksimòm lan pou yon zòn patikilye jan sètifika okipasyon etabli sa.
- Pati Responsab yo dwe asire ke yon distans pou pi piti sis pye kenbe pami tout moun yo tout tan, sof si sekirite aktivite prensipal la egzije yon distans ki pi kout (egz: netwayaj, antretyen, mezi pou evalyasyon, enspeksyon inite). Nenpòt lè moun yo dwe vini a sis pye de yon lòt moun, yo dwe mete kouvèti vizaj ki akseptab. Moun yo dwe prepare pou rale yon kouvèti vizaj si yon lòt mon vin prezante a mwens pase sis pye sanzatann.
  - Kouvèti vizaj akseptab pou COVID-19 la yo se, men yo pa limite a sa sèlman, kouvèti vizaj ki fèt ak twal ak mask ki kouvri ni bouch ak nen an.
  - Sepandan, kachnen an twal, jetab, oswa kachnen ki fèt lakay pa akseptab pou aktivite nan lye travay la ki abityèlman egzije yon degre pwoteksyon pi wo pou ekipman pwoteksyon pèsònèl (personal protective equipment, PPE) poutèt nati travay la. Pou aktivite sa yo, respiratè N95 oswa lòt PPE ke yo itilize anba nòm endistri ki egziste yo ta dwe kontinye itilize, menm jan sa defini selon direktiv OSHA yo.
  - Pati Responsab yo dwe raple moun yo pou mete kouvèti vizaj nan espas pataje yo (egz: koulwa datant, asansè, inite apatman) lè yo minimòm sis pye distans pa posib.
  - Kote sa posib, Pati Responsab yo dwe deziyen antre/sòti pou rezidan ak kliyan yo sèlman yo ak antre ki apa pou anplwaye yo.
  - Pati Responsab yo dwe konsidere fèmèn nenpòt zòn chita pa anndan oswa anplennè. Nan mezi espas sa yo rete ouvri, Pati Responsab yo dwe modifiye zòn chita yo pou asire ke moun yo (egz: anplwaye ak/oswa rezidan) nan omwen distans sis pye nan tout direksyon yo (egz: kòt a kòt ak lè yo anfas lòt).
- Pati Responsab yo gen dwa chanje itilizasyon ak/oswa mete restriksyon sou kantite pòs travay (egz: biwo resepsyon) ak zòn pou anplwaye oswa kliyan chita yo (egz: sal poz, sal manje, sal datant, pòs pou notifiye antre/sòti), yon jan pou travayè yo nan yon distans omwen sis pye ki separe yo youn de lòt nan tout direksyon (egz: kòt a kòt ak lè yo anfas lòt) epi p ap pataje menm pòs travay yo san yo pa netwaye ak dezenfekte apre chak itilizasyon. Lè distans lan pa posib ant pòs oswa espas travay yo, Responsab Pati yo dwe bay epi egzije itilizasyon kouvèti vizaj oswa kreye baryè fizik, tankou mi pwoteksyon an plastik, nan plas kouvèti vizaj nan espas kote sa p ap anpeche lè sikile, chalè, frechè, oswa van.
  - Si yo itilize, yo dwe mete baryè fizik yo konfòmman ak direktiv OSHA yo.
  - Chwa pou baryè fizik yo ka gen ladan: rido an bann, pleksiglas oswa materyèl ki menm jan, oubyen lòt separatè oswa klwazon enpèmeyab.
- Pati Responsab yo dwe entèdi pou gen plis pase yon sèl moun alafwa nan ti espas fèmèn (egz: nan asansè, nan depo ak plaka), sòf si tout anplwaye ki nan espas sa yo an menm tan kouvri figi yo kòm sadwa. Sepandan, menm avèk itilizasyon kouvèti vizaj, pa dwe janm gen plis pase 50% kantite maksimòm nan espas oswa veyikil la, sòf si li fèt pou se yon sèl moun ki ladan. Pati Responsab yo dwe ogmante vantilasyon avèk lè deyò nan tout mezi posib (egz: ouvri fenèt ka pòt yo nan mach eskalye, antre bilding oswa anndan inite yo pandan travay antretyen ap fèt), pandan y ap kenbe pwotokòl sekirite yo. Pati Responsab yo dwe pran mezi anplis pou anpeche rasanbleman nan zòn datant asansè yo ak limite dansite nan asansè yo, tankou pèmèt itilizasyon eskalye.

- Pati Responsab yo ta dwe pran mezi pou diminye sikilasyon a pye nan tou de direksyon pandan y ap itilize riban oswa pano ak flèch nan lale ki jis, koulwa oswa espas, epi afiche pano ak makè distans ki endike espas sis pye nan tout espas ki itilize souvan ak nenpòt espas ki gen liy ki fèt souvan oswa kote moun ka rasanble (egz: biwo resepsyon, pòs depistaj).
- Pati Responsab yo dwe afiche pano toupatou bilding rezidansyèl oswa komèsyal la, ki an akò ak siyalizasyon DOH pou COVID-19 la. Pati Responsab yo kapab elabore pwòp endikasyon pa yo espesyalman pou yon lye oswa kad travay, depi endikasyon sa yo ale avèk endikasyon Depatman an. Siyalizasyon an ta dwe itilize pou raple anplwaye pou l:
  - Kouvri nen ak bouch li ak yon kouvèti vizaj lè distans sosyal sis pye a pa ka kenbe.
  - Konsève kòm sadwa epi, lè sa nesèsè, jete PPE yo.
  - Respekte prensip distans sosyal fizik la.
  - Rapòte sentom oswa ekspozisyon COVID-19 la, epi kòman yo ka fè sa.
  - Swiv konsiy ijyèn men ak pwòpte ak dezenfeksyon yo.
  - Suiv ijyèn respirasyon apwopriye ak etikèt pou tous.

## B. Rasanbleman nan Espas Fèmen

- Antite ki Responsab yo dwe limite rasanbleman an pèsòn yo (egz: reyinyon, konferans) nan pi gwo mezi posib, epi yo dwe itilize lòt metòd ki ka aplikab yo, tankou konferans nan vidyo oswa telefòn lè sa posib, konfòmman a enstriksyon CDC pase nan "Enstriksyon Pwovizwa pou Biznis ak Patwon Travay yo pou Planifye epi Fè Entèkansyon pou Maladi Kowonaviris 2019 (COVID-19)" (Interim Guidance for Businesses and Employers to Plan and Respond to Coronavirus Disease 2019 (COVID-19)). Lè vidyokonferans oswa telekonferans pa posib, Pati Responsab yo ta dwe fè yon reyinyon ouvè, nan espas ki gen bon lè epi asire ke moun yo kenbe sis pye distans sosyal ant youn ak lòt (eg: si gen chèz, kite espas nan mitan chèz yo, fè anplwaye yo chita nan chèz altène).
- Pati Responsab yo dwe mete an plas ase pratik distans sosyal nan espas konfine, tankou twalèt ak sal repo, e ta dwe kreye siyalizasyon ak sistèm (egz: siyale lè w okipe) pou ratresi okipasyon an lè distans sosyal la pa ka kenbe nan espas sa yo; epi
- Pati Responsab yo ta dwe repati orè pou anplwaye yo obsève distans sosyal la (sa vle di, sis pye distans) pou nenpòt rasanbleman (egz: pandan poz kafe, repa ak kòmansman/fen gwoup travay).
- Zòn komen ki pa esansyèl (egz. sal jwèt) dwe rete fèmen jiskaske gen lòt enstriksyon ki pibliye.

## C. Aktivite nan Espas Travay

- Pati Responsab yo dwe pran mezi pou redwi kontak entèpèsònèl ak rasanbleman, atravè metòd tankou:
  - limite prezans moun ak sèlman anplwaye ki nesèsè yo;
  - ajiste orè espas travay la;
  - redwi mendèv ki sou plas yo pou respekte konsiy distans sosyal yo;
  - prepare gwoup travay (egz. ekip A/B, repati orè travay pou gwoup anplwaye yo ka pwograme pou chita nan biwo yo nan moman ki deziyen yo, repati lè rive/depa pou redwi foul nan ale ak asansè yo);

- evite plizyè ekipaj ak/oswa ekip k ap travay nan yon zòn nan repati aktivite pwograme yo ak itilize siyalizasyon pou endike zòn okipe yo; epi
- segmante ak regwoupe aktivite, kote sa posib, pou moun yo ka respekte distans sosyal la epi redwi kantite men k ap touche pwodwi yo an menm tan (egz: yon anplwaye fè tout aktivite ekran taktil, etc.)

#### D. Vizit Pwopriyete Rezidansyèl An Pèsòn ak Aktivite ki Gen Rapò

- Pati Responsab yo ka reyalize vizit pwopriyete an pèsòn pandan y ap respekte distans sosyal ak direktiv sekirite PPE yo. Mezi annapre yo dwe respekte:
  - Vizit ak pòt louvri yo ap otorize sèlman nan pwopriyete ki pa okipe (egz: pwopriyete aktyèl oswa lokatè a pa anndan pwopriyete a) oswa vid;
    - Pou tout vizit ak pòt louvri, Pati Responsab yo dwe limite kantite moun k ap gade yon pwopriyete nenpòt kilè. Si plizyè pati (ki sòti nan plizyè kay) rive pou yon vizit nan menm moman an, Pati Responsab yo dwe ankouraje sila yo ki nan liy pou tann deyò jiskaske lè pa yo rive.
      - Kòm pi bon pratik, randevou pou vizit yo ta dwe pwograme alavans, lè sa posib.
  - Pati Responsab yo ansanm ak tout moun (egz: enspektè bilding/evalyatè oswa achtè/lokatè potansyèl) k ap vizite pwopriyete a pral gen obligasyon pou mete yon kouvèti vizaj toutan, ak Pati Responsab yo ka chwazi egzijè gan ak kouvèti soulye pou mete;
  - Pati Responsab yo dwe bay kouvèti vizaj ak gan pou lokatè potansyèl ak/oswa achtè yo, si nesèsè:
  - Pati Responsab yo dwe konseye lokatè/achtè potansyèl yo pou sèlman touche sifas esansyèl yo (egz. ranp pou men pou monte/desan eskalye si nesèsè) pandan tan yo sou pwopriyete a. Lokatè/achtè yo pa dwe touche lòt domèn oswa sifas tankou kabinè, kontwa, aparèy.
  - Pati Responsab yo dwe asire anplwaye, vandè, ajan ak koutye yo pou netwaye ak dezenfekte sifas ki touche anpil yo (egz. ranp pou men, manch pòt, etc.) anvan ak apre chak vizit; epi
  - Pati Responsab yo dwe repati vizit yo pou evite rasanbleman moun yo andeyò ak anndan pwopriyete yo.
- Pati Responsab yo ankouraje pa montre ekipman bilding komen an pèsòn (egz. sal espò, planche twati, pisin).
  - Si domèn komen ki mansyone anwo yo vizite, Pati Responsab yo dwe asire zòn sa yo netwaye ak dezenfekte souvan epi distans sosyal apwopriye 6 pye dwe kenbe pou tout pati yo toutan.
- Pati Responsab yo dwe ankouraje yon sèl pati (egz. enspektè bilding, evalyatè kay, lokatè/achtè potansyèl, fotograf, òganizatè) antre anndan pwopriyete a alafwa. Si plis pase yon pati anndan pwopriyete a an menm tan, distans 6 pye a dwe kenbe toutan ant moun yo epi kouvèti vizaj yo dwe itilize.
  - Pati Responsab yo ak lokatè/achtè potansyèl yo ankouraje pa mennen timoun oswa envite etranje ak yo nan vizit pwopriyete yo, lè sa posib, oswa kite timoun yo deyò.
  - Pati Responsab yo dwe mete restriksyon pou vandè/koutye yo pa kondui nan menm machin avèk lokatè/achtè potansyèl yo. Si sa pa ka evite, tout moun dwe mete kouvèti vizaj nan veyikil la epi zòn ki souvan touche yo dwe netwaye ak dezenfekte.
- Pati Responsab yo ankouraje, men pa oblije, reyalize vizit a distans olye de vizit an pèsòn (egz: videyo anrejistre/an dirèk) lè sa posib.

## E. Mouvmman ak Kòmès

- Pati Responsab yo ta dwe entèdi vizitè ki pa esansyèl yo nan espas la.
- Pati responsab yo dwe etabli zòn ki deziyen pou pase pran ak fè livrezon, avèk mwens kontak posib.
  - Nan ka kote vizitè esansyèl yo (egz: sou-kontraktè oswa vandè yo) bezwen antre nan espas la, Pati Responsab yo dwe asire sa annapre yo:
    - Yon distans minimòm sis pye dwe kenbe ant moun yo toutan;
    - Tout moun ap mete kouvèti vizaj si gen lòt moun ki dwe nan mwens ke sis pye;
    - Tout zòn ki fèmen ke sou-kontraktè/vandè a vizite (egz. sal lesiv) ap netwaye ak dezenfekte apre itilizasyon.
    - Pataj zouti a ekipman yo ap limite. Si zouti yo pataje, y ap netwaye ak dezenfekte anvan anplwaye yo itilize yo.
- Pati Responsab yo dwe limite entèraksyon sou sit la (egz. deziyen yon sòti pou anplwaye yo kite gwoup travay yo ak yon antre apa pou anplwaye yo kòmanse gwoup travay yo) ak mouvmman yo (egz. anplwaye yo dwe rete toupre pòs travay ou osi souvan posib).

## II. ESPAS

### A. Ekipman Pwoteksyon

- Anplis PPE ki nesèsè yo dapre sa sèten aktivite nan espas travay la egzijè, Pati Responsab yo dwe achte, fabrike, oswa jwenn yon lòt jan, kachnen akseptab epi bay anplwaye yo kachnen sa yo pandan yo nan travay gratis pou anplwaye a. Pati Responsab yo ta dwe gen yon kantite kouvèti vizaj rezonab, mask ak lòt ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE) sou men pou si yon anplwaye ta bezwen ranplase oswa pou si yon vizitè ta nan bezwen. Kouvèti vizaj ki akseptab yo gen ladan yo, men yo pa limite a sa sèlman, mask ki fèt ak twal yo (pa egzanp, sa yo koud lakay yo, sa yo koupe nan rad yo, foula), mask chirijikal yo, respiratè N95 yo, ak mask pwoteksyon vizaj yo.
  - Jan sa mansyone nan "Enstriksyon Pwovizwa pandan COVID-19 pou Sèvis Pwofesyonèl" (Interim COVID-19 Guidance for Professional Services) Eta a, antite ki lwe yo responsab pou bay anplwaye ak kontraktè yo PPE.
- Kouvèti vizaj dwe pwòp oswa ranplase apre l fin itilize e li pa ka pataje. Tanpri konsilte konsèy CDC a pou plis enfòmasyon sou kouvèti vizaj an twal ak lòt tip PPE, ansanm ak enstriksyon sou itilizasyon ak pwòpte.
  - Note byen kouvèti vizaj ki fèt an twal oswa mask ki ka jete yo pa dwe konsidere kòm kouvèti vizaj akseptab pou aktivite nan espas travay ki egzijè yon pi wo degre pwoteksyon pou egzijans kouvèti vizaj. Pa egzanp, si respiratè N95 yo egzijè tradisyonèlman pou aktivite espesifik, yon twal oswa yon mask ki fèt lakay pa ka sifi. Pati Responsab yo dwe respekte nòm OSHA yo pou ekipman sekirite konsa.
- Pati Responsab yo dwe pèmèt anplwaye yo itilize kouvèti vizaj akseptab pa yo men yo pa ka egzijè anplwaye yo bay pwòp kouvèti vizaj yo a. Anplis, konsèy sa a p ap anpeche anplwaye mete pwòp kouvèti pwoteksyon pa yo (egz: mask chirijikal, respiratè N95, oswa pwoteksyon vizaj), oswa si Pati Responsab yo egzijè anplwaye yo mete plis pwoteksyon PPE akòz nati travay yo a. Anplwaye yo ta dwe konfòme ak tout nòm aplikab OSHA yo.

- Pati Responsab yo dwe fòme anplwaye yo sou jan pou yo mete, wete, netwaye (si sa aplikab), ak jete PPE yo kòm sadwa, sa gen ladan pami lòt, kachnen apwopriye. Fòmasyon sa a dwe etann ak kontraktè yo si Pati Responsab yo pral bay kontraktè yo PPE.
- Pati Responsab yo dwe konseye anplwaye, lokatè ak vizitè yo pou mete kouvèti vizaj nan zòn komen yo ki gen ladan asansè, ale ak lè y ap deplase nan bilding lan.
- Pati Responsab yo dwe asire yo ke anplwaye yo mete kouvèti vizaj lè y ap entèraji youn ak lòt ak/oswa lòt moun nan sis pye distans EPI san baryè fizik (egz: pleksiglas).
- Pati Responsab yo dwe enstale baryè fizik nan biwo resepsyon ak sekirite yo.
  - Jan sa masyone anwo a nan Seksyon I "MOUN" (PEOPLE), Sou-seksyon A "Distans Fizik" (Physical Distancing), baryè fizik yo (egz. pleksiglas oswa materyèl similè) dwe enstale an akò ak direktiv OSHA.
- Pati Responsab yo dwe mete anplas mezi pou limite pataj objè, tankou zouti, laptop, kaye, telefòn, ekran taktil ak zouti pou ekri, ansanm ak limite manyen sifas pataje; oswa egzije anplwaye yo mete gan (ki apwopriye pou travay la oswa medikal) lè yo an kontak avèk bagay lòt moun manyen oswa sifas moun manyen souvan; oswa, egzije pou travayè yo pratike ijyèn men anvan ak apre kontak.

### C. Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon

- Pati Responsab yo dwe asire respè egzijans ijyèn, ak netwayaj ak asenisman yo jan CDC ak DOH te mande sa, ki enkli "Konsiy pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19" (Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19), ak postè "SISPANN PWOPAGASYON AN" (STOP THE SPREAD), jan sa aplikab. Pati Responsab yo dwe kenbe rejis netwayaj ki gen dat, lè, ak anvègi netwayaj a ak dezenfeksyon.
- Pati Responsab yo dwe bay e kenbe estasyon ijyèn men nan espas la, konsa:
  - Pou lave men: savon, dlo tyèd nan wobinè, ak sèvyèt papye jetab.
  - Pou dezenfekte men: yon dezenfektan men a baz alkòl ki gen pou pi piti 60% alkòl pou espas kote lave men p ap ka disponib oswa pratike.
  - Mete dezenfektan pou men disponib nan toupatou atravè sit la. Li dwe mete nan yon lokal ki konvenab, tankou nan antre, sòti, asansè ak nan biwo sekirite/resepsyon yo. Distribitè dezenfektan pou men san kontak dwe enstale kote sa posib.
  - Vandè byen imobilye yo ankouraje mete dezenfektan pou men disponib pou kliyan potansyèl yo anvan ak apre vizit yo pwopriyete.
- Pati Responsab yo dwe mete pano toupre pòs dezenfektan pou men yo ki di men ki sal yon fason vizib dwe lave avèk savon ak dlo; dezenfektan pou men pa mache byen sou men ki sal yon fason vizib.
- Pati Responsab yo dwe mete veso toupatou nan batiman an pou jete bagay sal, pami yo PPE.
- Pati Responsab yo dwe bay materyèl netwayaj ak dezenfeksyon apwopriye pou sifas moun pataje ak touche souvan epi ankouraje anplwaye yo itilize materyèl sa yo, pandan y ap swiv enstriksyon fabrikan yo, anvan e apre yo fin itilize sifas sa yo, apre pou yo pratike ijyèn men.
- Pati Responsab yo dwe fè netwayaj ak dezenfeksyon regilye sit la ak netwayaj pi souvan pou espas ki gen gwo risk plizyè moun itilize ak espas moun touche souvan. Netwayaj ak dezenfeksyon dwe byen

fèt epi kontinye e sa ta dwe fèt pou pi piti chak uit èdtan, chak jou, oswa pi souvan dapre bezwen. Tanpri konsilte "[Enstriksyon Pwovizwa pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19](#)" (Interim Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19) DOH yo pou kapab jwenn enstriksyon ki detaye sou jan pou nou netwaye ak dezenfekte etablisman yo.

- Pati Responsab yo dwe asire netwayaj ak dezenfeksyon twalèt yo regilye. Twalèt yo ta dwe netwaye ak dezenfekte pi souvan tou depan de nivo yo frekante l.
  - Pati Responsab yo dwe asire ke yo respekte règleman distans yo lè yo itilize siyalizasyon, makè okipe yo, oswa lòt metòd pou diminye kapasite twalèt yo lè sa posib.
- Pati Responsab yo dwe asire ke ekipman ak zouti yo netwaye ak dezenfekte souvan pandan y ap itilize dezenfektan ki anrejistre, ansanm ak pou pi piti osi souvan anplwaye yo chanje pòs travay oswa ale nan yon nouvo kategori zouti. Sèvi avèk [lis pwodui](#) Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ki anrejistre nan Eta New York yo epi EPA idantifye kòm efikas kont COVID-19 la.
- Si netwayaj oswa dezenfeksyon pwodwi oswa lefèt ke netwayaj ak dezenfeksyon koze pwoblèm sekirite oswa degrade materyèl oswa machin, Pati Responsab yo dwe mete an plas estasyon ijyèn men ant itilize ak/oswa founi gan ki ka jete ak/oswa limitasyon sou kantite anplwaye k ap itilize machin sa a.
- Pati Responsab yo dwe prevwa netwayaj ak dezenfeksyon espas ki ekspoze si yon anplwaye oswa kliyan konfime pozitif ak COVID-19 la, yon netwayaj konsa ki pou genyen, omwen, tout espas moun frekante ak sifas moun touche anpil (egz: zouti, ekran taktil, enprimant, klavye, telefòn, ranp pou men, manch pòt).
- Enstriksyon CDC pase sou "[Netwayaj ak Dezenfeksyon Etablisman ou an](#)" (Cleaning and Disinfecting Your Facility) si yo te sispèk yon moun oswa te konfime yon moun gen enfeksyon COVID-19 jan nou pral site la:
  - Fèmen zòn moun ki sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 la itilize.
    - Pati Responsab yo pa nesèsman bezwen fèmen operasyon an, si yo ka fèmen espas ki afekte yo.
    - Espas ki afekte yo dwe fèmen ak netwaye ak dezenfekte.
  - Ouvri pòt ki bay sou deyò ak fenèt pou ogmante sikilasyon lè nan espas la.
  - Tann 24 èdtan avan ou netwaye oswa dezenfekte. Si 24 èdtan pa posib, tann tout tan w kapab.
  - Netwaye epi dezenfekte tout espas moun yo sispèk oswa yo konfime ki gen COVID-19 la te itilize, tankou biwo, twalèt, espas komen, ak ekipman li te pataje.
  - Depi espas la fin byen dezenfekte kòm sadwa, li ka re-ouvè pou itilize.
    - Anplwaye ki pa gen kontak sere ak kontak pwòch ak moun ke yo sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 ka retounen nan zòn travay la imedyatman apre netwayaj ak dezenfeksyon.
    - Gade "[Rekòmandasyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive k ap Retounen nan Travay Apre Enfeksyon oswa Kontak ak COVID-19](#)" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH yo pou enfòmasyon sou kontak "sere oswa rapwoche".
  - Si plis pase sèt jou pase depi moun ke yo sispèk oswa malad ak COVID-19 te vizite oswa itilize etablisman an, pa bezwen gen netwayaj ak dezenfeksyon anplis, men netwayaj ak dezenfeksyon ki te konn fèt yo dwe kontinye.



- Espas bilding pataje ke anplwaye ak/oswa rezidan ki sispèk oswa te konfime ki gen COVID-19 la te itilize (egz. asansè, ale, antre bilding), Pati Responsab yo dwe fèmen ak dezenfekte yo. Yo dwe enfòmè Pati Responsab yo dwe touswit konsènan anplwaye ki sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 la.
- Pati Responsab yo dwe avize tout anplwaye k ap travay ak rezidan k ap viv nan bilding lan si zòn komen yo fèmen.
- Pati Responsab yo dwe entèdi itilizasyon kafetyè pataje oswa lòt ekipman manje ak bwason ke yo nòmalman bay rezidan ak/oswa anplwaye yo.
- Pati Responsab yo dwe entèdi manje ak bwason pataje (egz: repa estil bifè), ankouraje moun pote manje ki sot lakay yo, e rezève ase espas pou anplwaye pratike distans sosyal la pandan repa yo.

### C. Re-ouvèti Pa Faz

- Nou ankouraje Pati Responsab yo pou fè aktivite re-ouvèti yo pa faz yo pou ka pèmèt pwoblèm operasyonèl yo rezoud avan pwodiksyon oswa aktivite travay yo retounen nan nivo nòmal yo. Pati Responsab yo ta dwe konsidere limite kantite anplwaye yo, lè, ak kantite kliyan ki disponib pou sèvi lè premye re-ouvèti a pou ka bay operasyon yo kapasite pou ajiste ak chanjman yo.

### D. Plan Kominikasyon

- Pati Responsab yo dwe afime ke yo te revize e konprann konsèy eta a te pibliye sou endistri a, epi y ap aplike yo.
- Pati Responsab yo ta dwe kreye yon plan kominikasyon pou anplwaye, vizitè, ak kliyan ki gen ladan l enstriksyon aplikab, fòmasyon, siyalizasyon, ak mwayen pou bay anplwaye yo enfòmasyon. Pati Responsab yo ka kreye paj wèb, gwoup tèks ak imèl, ak rezo sosyal.
- Pati Responsab yo ta dwe ankouraje kliyan yo pou respekte konsèy CDC ak DOH la nan sa ki gen rapò ak itilizasyon PPE, espesyalman kouvèti vizaj lè distans sosyal 6 pye a pa ka kenbe, atravè kominikasyon vèbal ak siyalizasyon.
- Pati Responsab yo ta dwe afiche siyalizasyon anndan tankou deyò tout lokal vant an detay la pou raple pèsone ak kliyan pou respekte ijyèn nòmal la, prensip distans sosyal yo, itilizasyon nòmal PPE yo ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon.
- Kote sa posib ak apwopriye, Pati Responsab yo dwe kowòdone avèk lokatè yo pou resevwa yon lis vizitè esansyèl yo prevwa ki ta dwe antre nan bilding lan.

## III. PWOSESIS

### A. Depistaj ak Tès

- Pati Responsab yo dwe kreye pratik depistaj sante obligatwa chak jou.
  - Pratik depistaj yo ka fèt a distans (egz: pa telefòn oswa ankèt elektwonik), avan anplwaye a prezante nan sit la, nan mezi sa posib; oswa sa ka fèt nan espas la.

- Depistaj ta dwe kowòdone pou anpeche anplwaye yo antre nan kontak sere ak youn lòt avan fen depistaj la.
- Omwen, depistaj tout anplwaye ak vizitè dwe egzije e sa ta dwe konplete ak yon kesyonè ki detèmine si anplwaye oswa vizitè a te:
  - (a) konnen li te an kontak sere oswa rapwoche nan 14 dènye jou yo avèk yon moun ki te gen tès COVID-19 pozitif oswa ki te gen sentòm COVID-19;
  - (b) teste pozitif pou COVID-19 la nan 14 jou pase yo; ak/oswa
  - (c) eksperimante sentòm COVID-19 la nan 14 jou pase yo.
- Depistaj yo pa pral egzije pou rezidan yo:
  - Pati Responsab yo ka ankouraje rezidan yo pou pataje si yo te teste pozitif pou COVID-19 ak/oswa gen sentòm.
  - Si yon rezidan devwale ke yo te teste pozitif pou COVID-19 ak/oswa gen sentòm, Pati Responsab yo dwe kòmanse touswit pwotokòl netwaj ak dezenfeksyon apwopriye yo.
- Pou rezon vizit pwopriyete, Pati Responsab yo dwe:
  - Egzije achtè/lokatè yo pou ranpli kesyonè depistaj la anvan yo antre sou yon pwopriyete.
  - Egzije vandè/bayè a pou ranpli yon kesyonè depistaj anvan nenpòt moun antre sou pwopriyete a;
  - Egzije vandè/bayè a divilge si li vin gen sentòm ak/oswa teste pozitif pou COVID-19 nan 48 èdtan apre dènye vizit sou pwopriyete li a; epi
  - Egzije achtè/lokatè a pou divilge si li vin gen sentòm ak/oswa teste pozitif pou COVID-19 nan 48 èdtan apre dènye vizit sou yon pwopriyete.
- Ale nan ensiy CDC a sou "Sentòm Kowonaviris" (Symptoms of Coronavirus) la pou enfòmasyon ki pi ajou sou sentòm ki asosye ak COVID-19 la.
- Pati Responsab yo yo ta dwe egzije anplwaye yo devwale touswit si epi lè respons yo te bay pou nenpòt nan kesyon ki mansyone anlè a yo ta chanje, tankou si yo kòmanse santi sentòm, pandan oswa andeyò lè travay yo.
- Anplis kesyonè depistaj la, yo gen dwa fè kontwòl tanperati chak jou tou dapre rekòmandasyon Komisyon sou Egalite Chans nan zafè Travay (Equal Employment Opportunity Commission) oswa rekòmandasyon DOH yo. Pati Responsab yo entèdi pou kenbe anrejistreman done sante anplwaye a (egz: done tanperati).
- Pati Responsab yo dwe asire ke nenpòt responsab k ap fè aktivite depistaj, ansanm ak verifye tanperati, yo pwoteje nòmman de ekspozisyon a yon anplwaye ki ka enfekte oswa vizitè k ap antre nan sit la. Responsab k ap fè aktivite depistaj yo ta dwe fòme pa moun anplwayè a idantifye ki fanmiye ak pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA.
- Moun k ap fè depistaj yo ta dwe gen e itilize PPE, ansanm ak omwen, yon mask vizaj, epi ak gan, yon gwo wòb, ak/oswa yon pwoteksyon vizaj.
- Yo pa ta dwe pèmèt yon anplwaye ki teste pozitif pou sentòm COVID-19 yo antre nan espas travay la epi yo ta dwe voye li lakay li avèk enstriksyon pou kontakte founisè swen sante yo pou evalyasyon ak tès. Pati Responsab yo dwe notifiye imedyatman depatman sante eta ak lokal la nan ka kote rezilta tès yo pozitif pou COVID-19 la. Pati Responsab yo ta dwe bay anplwaye a enfòmasyon sou swen sante ak resous pou teste.

- Pati Responsab yo dwe ale nan "Enstriksyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive k ap Retounen Travay apre Enfeksyon oswa Ekspozisyon ak COVID-19 la" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH la konsènan pwotokòl ak politik pou anplwaye k ap chèche retounen travay apre yon ka COVID-19 yo te sispèk oswa konfime oswa apre anplwaye a te nan kontak pre oswa kole ak yon moun ki gen COVID-19.
- Pati Responsab yo dwe deziyen yon pwen kontak santral, ki ka varye selon aktivite, espas, chanjman orè travay oswa jou, responsab pou resevwa ak ateste ke li te revize tout kesyonè anplwaye yo, ak kontak sa ki idantifye tou kòm pati ke anplwaye yo ak vizitè yo dwe enfòm si pita yo santi sentom ki gen rapò ak COVID-19, jan sa endike nan kesyonè a.
- Pati Responsab yo dwe deziyen yon espas sekirite minè kote responsablite yo an konfòmite ak tout respè plan sekirite espas la.
- Nan mezi sa posib, Pati Responsab yo dwe kenbe yon rejis tout moun, sa gen ladan anplwaye ak vizitè, ki te gen dwa gen kontak sere oswa rapwoche avèk lòt moun nan lye oswa zòn travay la; livrezon ki fèt avèk bonjan PPE oswa pa mwayen san kontak pa ladan. Rejis la ta dwe gen enfòmasyon kontak, pou tout kontak ka idantifye, retrase epi alète si yon anplwaye ta dyagnostike ak COVID-19. Pati Responsab yo dwe kolabore avèk efò pou retrase kontak depatman sante eta ak lokal la ap fè yo.
- Pati Responsab yo dwe idantifye yon pwen kontak santral, ki gen dwa varye dapre aktivite a, kote a, woulman travay la oswa jou a, ki responsab pou resevwa ak ateste li gade tout kesyonè anplwaye yo, epi kontak sa a dwe idantifye tou kòm pati pou travayè yo, kontraktè yo ak vizitè yo pou mete okouran si pi ta yo gen sentòm ki gen pou wè ak COVID-19, jan sa ekri nan kesyonè a.

## B. Trasaj ak Swivi

- Pati Responsab yo dwe fè depatman sante eta ak lokal la konn sa touswit lè yon anplwaye nan sit yo a mete yo okouran yon rezilta tèst COVID-19 pozitif.
- Nan ka yon anplwaye oswa vizitè te teste pozitif, Pati Responsab yo dwe kolabore avèk depatman sante eta ak lokal la pou retrase tout kontak nan espas travay la epi mete depatman sante eta ak lokal la kote bilding lan sitiye a okouran sou tout anplwaye ak vizitè yo ki te antre nan etablisman an nan 48 èdtan anvan anplwaye a te kòmanse gen sentòm COVID-19 oswa te gen tèst pozitif, kèlkeswa sa ki pi bonè a. Yo dwe kenbe konfidansyalite jan lwa ak regleman federal ak eta a yo egzije a.
  - Nan ka yon anplwaye oswa vizitè ki afiche sentom pandan li nan espas travay la, Pati Responsab yo dwe enfòm responsab bilding apwopriye yo touswit avèk enfòmasyon sou kote moun lan te ye nan bilding lan ak fè swivi si anplwaye ki gen sentom yo teste pozitif.
- Depatman sante eta ak lokal yo ap kreye restriksyon siveyans ak mouvman de moun ki enfekte oswa ekspoze yo ansanm ak izolman lakay oswa karantèn.
- Moun ke yo alète ki te an kontak sere ak oswa pwòch ak yon moun ki gen COVID-19 e ke yo te alète pa mwayen trasaj, swivi oswa lòt mekanis, yo egzije pou deklare tèt yo bay anplwayè yo a nan lè alèt la e yo pral swiv pwotokòl ki endike pi wo a.

## IV. PLAN ANPLWAYE

Pati Responsab yo dwe afiche byen klè plan sekirite nan espas la. Eta a mete disponib yon modèl plan sekirite biznis pou gide mèt ak administratè biznis yo nan elaborasyon plan pou pwoteje kont pwopagasyon COVID-19.

**Enfòmasyon sekirite anplis, konsèy, ak resous disponib sou:**

Sit Entènèt Nouvo Kowonaviris (COVID-19) Depatman Sante Eta New York la

<https://coronavirus.health.ny.gov/>

Sit Entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi Kowonaviris (COVID-19)

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

Sit Entènèt administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay

<https://www.osha.gov/SLTC/covid-19/>

**Sou lyen ki pi ba a, afime ou te li e konprann obligasyon ou genyen pou w travay dapre konsèy sa a:**

<https://forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation>